UJIAN MADRASAH
MI FIE SABILIL MUTTAQIEN TEMPUREJO
TAHUN PELAJARAN 2025/2026

LEMBAR SOAL	
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: MI
Hari/Tanggal	: Senin, 11 Mei 2026
Waktu	: 120 Menit

PETUNJUK UMUM

1. Berdo'alah kepada Allah SWT sebelum memulai mengerjakan paket soal
2. Isikan Identitas Anda ke dalam Lembar Jawaban Asesmen Madrasah (LJAM) dengan menggunakan Bolpoint sesuai di LJAM.
3. Isikan jawaban soal ke dalam LJAM sesuai petunjuk LJAM.
4. Tersedia waktu 120 menit untuk mengerjakan 40 soal
5. Jumlah soal sebanyak 40 soal terdiri dari 30 soal Pilihan Ganda, 5 soal Pilihan Ganda Kompleks, dan 5 soal Benar Salah.
6. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawabnya.
7. Laporkan kepada pengawas ujian apabila terdapat lembar soal yang kurang jelas, rusak, atau tidak lengkap.
8. Periksalah pekerjaan Anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian.

PILIHAN GANDA (untuk soal nomor 1 sampai dengan 30)
Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan memilih huruf A, B, C, atau D pada pertanyaan berikut!

1. Teks awujud laporan ngenani sawijine kahanan utawa kedadean (peristiwa) kang lagi wae dumadi diarani teks ….
   A. fiksi
   B. narasi
   C. informasi
   D. persuasif
2. Raden Gatot Kaca kuwi satriya kang gagah ….
   A. gedhe dhuwur
   B. dekdaya
   C. prakosa
   D. kuat

LIVEWORKSHEETS

3. Ibu lagi nandur kembang anggrek.
   Ukara ing dhuwur kalebu ukara ….
   A. pakon
   B. pitakon
   C. tanduk
   D. tanggap
4. Aku seneng dolan karo Bapak.
   Ukara ing dhuwur krama aluse ….
   A. kula remen dolan kaliyan bapak.
   B. aku remen dolan kaliyan bapak.
   C. aku seneng tindak kaliyan bapa.k
   D. aku seneng dolan kaliyan bapak.
5. Janaka. Yen ditulis nganggo aksara jawa wujude ….

   A. ꦗꦤꦏ

   B. ꦤꦗꦏ

   C. ꦗꦏꦏ

   D. ꦏꦤꦗ

6. Alfa nggarap PR ing omahe Adnan.
   Kang kadhapuk dadi lesan ana ukara ing dhuwur yaiku ….
   A. Alfa
   B. nggarap
   C. PR
   D. ing omahe Adnan
7. Informasi kang diandharake kanthi lisan (langsung) di giyarake lumantar ….
   A. TV
   B. Koran
   C. Internet
   D. ariwarti
8. **Pariwara : Kopi Cap Meong.** Rasa mantep, rega pas ing kantong. Ndamel melek ning mripat. Tumbas sakmenika ing toko cedhak panjenengan!
   Saka pariwara kasebut bisa oleh informasi ….
   A. Kopi kang rasane enak lan rega pas ing kantong
   B. Rega kopilarang
   C. kopi bisa gawe ngantuk
   D. sing tumbas bakal getun
9. Gethok tular tegese ….
   A. disebarake kanthi cara lesan
   B. disebarake kanthi tulisan
   C. tekan mancanagara
   D. disiyarake ing radio

LIVEWORKSHEETS

10. Ana paribasan "*nabok nyilih tangan*" tegese ….
    A. wong tuwa njaluk warah wong enom
    B. wes kepenak tambah oleh penak
    C. rebutan barang kang sepele
    D. Tumindak gawa sengsarane wong liya sarana kongkonan
11. *Sego sakepel dirubung tinggi*. Batangane cangkriman kasebut yaiku ….
    A. salak
    B. nanas
    C. sulak
    D. lemper
12. "Pakdhe teka kene numpak sepur." Yen diowahi dadi Ngoko Alus sing bener yaiku …
    A. Pakdhe rawuh kene numpak sepur.
    B. Pakdhe teka mriki nitih sepur.
    C. Pakdhe rawuh mriki nitih sepur.
    D. Pakdhe dugi dugi nitih sepur.
13. Punapa panjenengan sampun nedha? Yen diowahi dadi basa ngoko yaiku ….
    A. Apa kowe wis mangan?
    B. Apa kowe lagi mangan?
    C. Apa kowe arep mangan?
    D. Apa kowe durung mangan?
14. "Ireng-ireng mangan sega, putih-putih mangan watu" kalebu tuladhane ….
    A. parikan
    B. tembang
    C. cangkriman
    D. cerita rakyat
15. "Ana kewan sikile papat, yen mlaku 'tok-tok', yen ngombe banyu ora nganggo cangkem." Cangkriman kasebut kalebu jinis apa lan apa wangsulan ….
    A. Cangkriman wacahan – wedhus
    B. Cangkriman pepindhan – kebo
    C. Cangkriman blenderan – meja
    D. Cangkriman pepindhan – jaran
16. Bapak *lagi turu* ing kamar. Tembung kang kacetak miring basa kramane ….
    A. nembe sare
    B. nembe turu
    C. lagi bobok
    D. lagi sare
17. *Bangjo*, tembung camboran iku tegese ….
    A. Abang ijo
    B. Ijo abang
    C. Bakul ijo
    D. Kacang ijo

LIVEWORKSHEETS

18. Pitik walik saba kebon, batangane ….
    A. nanas
    B. salak
    C. sulak
    D. duren
19. Mbah Rumi adol es lan jajanan ing sekolahan.
    Kang kadhapuk dadi wasesa ing ukara dhuwur yaiku ….
    A. Mbah Rumi
    B. Es lan jajanan
    C. adol
    D. ing sekolahan
20. Pak Budi wis weruh yen putrane mulih saka Surabaya.
    Tembung weruh iku benere ….
    A. ngerti
    B. ngertos
    C. mireng
    D. pirsa

21. ꦏꦩꦏꦠꦪ, tulisan iku unine ….

    A. nata bata
    B. kacamata
    C. ramayana
    D. rata rata
22. Mau isuk aku wis sarapan roti karo susu.
    Saka ukara ing dhuwur kang kadhapuk lesan yaiku ….
    A. mau isuk
    B. aku
    C. sarapan
    D. roti karo susu
23. Idhe pokok kang dadi dhasar crita rakyat diarani ....
    A. alur
    B. latar
    C. tema
    D. amanat
24. *Keplok ora tombok*, tegese paribasan iku ….
    A. gelem melu seneng nanging emoh melu ragat
    B. tumindak ala kanthi kongkonan wong liya
    C. katone nulung nanging malah nyusahke
    D. wong sing akeh omonge nanging ora ana nyatane

LIVEWORKSHEETS

25. *Bapak pocung renteng-renteng kaya kalung, dawa kaya ula,*
Pencokanmu wesi miring, sing disaba si pocung mung turut kutha
Cangkriman awujud tembang pocung kasebut batangane ….
A. penthol korek
B. Sepur
C. dom bolah
D. Bebek

26. Tembung camboran kaperang dadi….
A. 4
B. 3
C. 2
D. 1

27. Senajan dadi wong sing sugih bandha, ananging kudu tetep ….
A. gagah prakosa
B. andhap asor
C. kukuh bakuh
D. dana driya

28. Maca geguritan iku klebu perangane maca …
A. endah
B. batin
C. cepet
D. balapan

29. *Kanggo siswa kelas 6 sesuk dina jumat, 16 April 2026 supaya nggawa akta kelahiran kanggo nyocokake data peserta ujian*
Ukara ing dhuwur iku diarani teks ….
A. deskripsi
B. pengumuman
C. iklan
D. artikel

30. Yen isine geguritan iku sedhih, polatane sing maca kudu ….
A. katon seneng supaya ngrungokake melu seneng
B. katon bungah supaya sing ngrungokake melu bungah
C. katon semangat supaya sing ngrungokake melu semangat
D. katon sedhih supaya sing ngrungokake melu sedhih

PILIHAN GANDA KOMPLEKS (untuk soal nomor 31 sampai dengan 35)
Pilihlah 2 (dua) jawaban yang kamu anggap benar pada pertanyaan berikut!

31. Sing kalebu tembung camboran tugel ing ngisor iki yaiku ….
A. bangjo
B. lir-ilir
C. madu mangsa

32. Ukara ing ngisor iki sing nduweni pola J-W-L-K yaiku ….
A. Ibu masak sayur
B. Ani nulis layang ing kamar
C. Jihan bar ngumbah sepatu jam pitu.

LIVEWORKSHEETS

33. *Budi seneng maca buku ing perpustakaan sekolah. Saben dina Senin lan Rebo, dheweke nyilih buku crita kanggo diwaca ing omah. Hobi iki ndadekake Budi dadi luwih pinter lan akeh wawasan.*
Ukara ing ngisor iki kang cocog karo kanyatan teks ing nduwur yaiku ….
A. Budi seneng maca buku crita.
B. Saben dina Budi nyilih buku ana perpustakaan.
C. Hobi maca iso nggawe Budi dadi luwih akeh wawasan

34. Ukara ing ngisor iki kang nggunakake unggah-ungguh basa sing trep yaiku ….
A. Simbah sare kula siram.
B. Kula mboten pareng matur awon.
C. Mas Bayu tindak nitih sepedhah montor.

35. Cangkriman iku bisa digunakake kanggo ….
A. kanggo hiburan
B. kanggo sarana pendidikan
C. kanggo laporan ilmiah

BENAR SALAH (untuk soal nomor 36 sampai dengan 40)
Berikan tanda Centang (√) pada kolom *BENAR* jika jawaban benar, dan pada kolom *SALAH* jika jawaban salah!

36. *Ngelmu iku, lelakone kanthi laku.*
Lekase lawan kas,
Tegese kas nyantosani,
Setya budya pangekese dur angkara.
Ukara-ukara ing ngisor iki kang ngemu isine tembang macapat ing ndhuwur yaiku ….

Pernyataan	Bener	Salah
a. Tembang macapat ing dhuwur kalebu karya sastra Jawa tradisional		
b. ngupaya ngelmu kanthi temenan kanggo nguatake budi pakerti		
c. golek ngelmu kudu dilakoni kanthi tekad kang kuat		

37. Kang kalebu paugerane tambang macapat yaiku ….

Pernyataan	Benar	Salah
a. guru gatra		
b. Guru lagu		
c. guru sastra		

38. Gatekna ukara-ukara kang nganggo paribasan, bebasan, lan saloka. Centangen kolom B menawa bener, S menawa salah!

Pernyataan	Benar	Salah
a. Manungsa kang akeh kekarepan nanging ora selaras karo kemampuane, bebasane udan tangis.		

LIVEWORKSHEETS

b. wong tuwa njaluk warah marang anake iku salokane kebo nusu gudel		
c. wong sing kakehan omong nanging ora ana nyatane kui paribasane kakehan gludhug kurang udan		

39. Cangkriman yaiku unen-unen sing kudu dibatang (teka-teki) ing basa jawa kang nduweni titikan utawa ciri-ciri.
Apa wae sing kalebu ciri-cirine cangkriman?

Pernyataan	Benar	Salah
a. arupa bedhekan/batangan		
b. unen-unen ora teges lan langsung		
c. awujud pitakon utawa ukara sing samar		

40. Cangkriman iku cacahe ana papat yaiku arupa tembang, wancahan, pepindhan, lan plesetan.
Jenise cangkriman ing ngisor iki yen bener wenehana tandha huruf B, yen salah S!

Pernyataan	Benar	Salah
a. “Burnas kopen” kalebu cangkriman tembang		
b. “kicak ketan” kalebu cangkriman wancahan		
c. “emboke di elus-elus anak e di idak - idak” kalebu cangkriman pepindhan		

LIVEWORKSHEETS